# fépp fu yax di daje ci nit sarax la

Jële nañu ci Abuu Hurayrata -yal na ko Yàlla dollee gërëm- mu wax ne : Yonnente Yàlla bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- nee na: "bépp téqqu nit sarax la ci moom, bis bu jànt bi fenk mu maandu ci diggante ñaari nit loolu sarax la, ak nga dimbale nit ki ci waruwaayam yéegal ko ca walla nga jottali ko ca ay bagaasam loolu sarax la, wax ju teey sarax la, bépp jéego booy dox jëm ca julli ga loolu sarax la, ak nga randale aw lor ci yoon loolu sarax la ".

[Wér na] [رواه البخاري ومسلم]

Yonnente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- day leeral ne saraxu coobarewu ngir Yàlla mu kawe mi war na ci bépp mukallaf ci bis bu ne ci limub fi ay yaxam dajee ci anamug sant ko ci jàmm ji, ak li mu def ay yaxam mu man koo bank man koo tàllal, Te sarax boobu day ame ci jëf yu baax yépp waaye yemul ci joxe alal, te bokk na ca: Sag màndu ak sag yéwénal ci diggante ñaari way-xuloo yi sarax la, Ak nga dimbali ki néew doole ci daabaam nga yéegal ko ca, walla nga yëkkatil ko ay jumtukaayam sarax la, Ak wax ju teey ci tudd Yàlla ak ñaan ak nuyóo ak yeneen sarax la, Ak bépp jéego boo dox jëm ca julli ga sarax la, Ak dindi luy lore ci yoon wi sarax la.



النجاة الخيرية
ALNAJAT CHARITY
لجنة الدعوة الإلكترونية
EDC
E-Da'wah Committee